



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON PWOGRAM NAN TOUT ETA A POU EDE IMIGRAN KI GEN ANPIL KONPETANS YO JWENN TRAVAY**

***4.38 milyon dola nan sibvansyon pral sipòte fòmasyon pwofesyonèl ak plasman nan travay pou imigran ki gen anpil konpetans yo nan New York***

***Ekspansyon Pwogram Pakou Pwofesyonèl Eta New York la pou Imigran ki Gen Anpil Konpetans lan bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou ranfòse pwogram devlopman mendèv pou imigran yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ekspansyon Pwogram Pakou Pwofesyonèl Eta New York la pou Imigran ki Gen Anpil Konpetans pou ede nouvo Ameriken yo jwenn travay ki koresponn ak konpetans yo ak eksperyans yo. Kòm yon pati nan ekspansyon pwogram nan, yo pral bay yon total 4.38 milyon dola nan sibvansyon eta finanse bay founisè yo ki nan kominote a pou sipòte fòmasyon pwofesyonèl ak efò plasman nan travay pou yon ogmantasyon kantite imigran ki gen anpil konpetans nan New York. Yo pral bay sibvansyon yo pandan twazan epi yo pral administre pa Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la. Ekspansyon Pwogram Pakou Pwofesyonèl la bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou ranfòse pwogram devlopman mendèv eta a pou imigran yo, ke yo te soulinye pou premye fwa nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 a.

"Pandan anpil jenerasyon, travay di ak detèminasyon imigran ki vin New York pou yo bati yon lavi miyò pou tèt yo ak fanmi yo te fasone eta nou pou li vin sa li ye jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou agrandi Pwogram Pakou Pwofesyonèl Eta New York la pou Imigran ki Gen Anpil Konpetans, nou ap ranfòse sipò nou pou nouvo Ameriken yo nan eta nou an epi konekte imigran yo ak zouti yo bezwen pou antre nan mendèv la epi pouswiv rèv New York la."

[Lanse](#) pou premye fwa an 2021, pwogram Pakou Pwofesyonèl NYS la ede imigran ki gen anpil konpetans yo simonte baryè ki genyen nan devlopman pwofesyonèl nan fè depistaj, fòme ak/oswa re-akredite kandida yo epi idantifye opòtinite plasman travay pou imigran yo ki gen revni fèb yo nan rejyon ki gen gwo bezwen yo atravè eta a. Pwogram lan adapte espesyalman pou domèn ki kounye a bezwen travayè ki gen anpil konpetans nan Eta New York, tankou achitekti, enjenyeri, teknoloji enfòmasyon, edikasyon, travay sosyal, ekonomi, jesyon biznis ak pwofesyon jounalis.

Pwogram Pakou Pwofesyonèl la deja pote anpil siksè pou anpil imigran nan Eta New York nan premye ane li a. Apati 31 janvyè 2023, dapre Ajans Prensipal pou Pakou Pwofesyonèl la Upwardly Global, yo te aksepte 282 moun k ap chèche travay nan pwogram lan epi yo te resevwa fòmasyon ak ankadreman pou preparasyon pou travay Etazini an, epi yo te plase 88 moun k ap chèche travay nan pozisyon nivo pwofesyonèl, ak plasman k ap kontinye. Patisipan yo pou pwogram sa a dwe gen otorizasyon pou travay nan Etazini.

Dapre nouvo sibvansyon elaji sa yo ki administre pa Biwo pou Nouvo Ameriken (ONA) an, yo pral finanse Upwardly Global pou kontinye sèvi kòm Ajans Prensipal pou Pakou Pwofesyonèl, pou bay direksyon pwogram ak asistans teknik nan tout eta ak yon rezo ONA Job Coaches (Antrenè pou Job ONA) la. Anplis de sa, y ap finanse lòt òganizasyon san bi likratif pou sèvi kòm ajans ONA Job Coach nan diferan rejyon nan eta a, ak Long Island yo te ajoute kòm yon nouvo rejyon nan kad ekspansyon pwogram sa a.

Men patnè Pakou Pwofesyonèl yo:

- Ajans Prensipal nan tout eta a: Upwardly Global
- ONA Job Coach - Brooklyn/Queens: Upwardly Global
- ONA Job Coach - Bronx, Manhattan, Staten Island: Upwardly Global
- ONA Job Coach - Rejyon Kapital U.S. Committee for Refugees and Immigrants (Komite pou Refijye ak Imigran nan Etazini)
- ONA Job Coach - NY Santral: InterFaith Works
- ONA Job Coach - Long Island: Sant Refijye Ameriken Santral (Central American Refugee Center, CARECEN)
- ONA Job Coach - Mohawk Valley: The Center
- ONA Job Coach - Rejyon Lwès NY: International Institute of Buffalo (Enstiti Entènasyonal Buffalo)

Gen plis enfòmasyon sou pwogram Pakou Pwofesyonèl la ak kijan pou aplike ki disponib [isit la](#).

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Nan New York, nou rekonèt enpòtans imigran yo ak tout sa yo kontribye nan eta ak peyi nou an. Poutan, twòp nouvo Ameriken fè fas ak anpil obstak ki fè li pi difisil pou yo bati pi bon lavi pou tèt yo ak fanmi yo. Atravè ekspansyon pwogram Pakou Pwofesyonèl Biwo pou Nouvo Ameriken yo, n ap bay ekipe ak relve imigran New York yo epi ba yo konpetans ak resous yo bezwen pou yo reyisi ak pwospere nan mache travay jodi a."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Upwardly Global la, Jina Krause-Vilmar, te deklare,** "Se yon onè pou m dirije chaj la nan kad efò Eta New York ap fè pou sipòte imigran ak refijye yo k ap rekòmanse lavi yo ak karyè yo nan Etazini. Nouvo vini yo souvan pote anpil edikasyon ak eksperyans ki soti nan peyi orijin yo, men mache travay Ameriken an neglije konpetans yo. Ekspansyon pwogram Pakou Pwofesyonèl la sèvi

kòm yon modèl eksepsyonèl pou ogmante potansyèl kominote imigran ak refijye yo, yon pilye nan kad travay nou nan Upwardly Global."

**Jennifer Rizzo-Choi, Direktris Egzekitif, International Institute of Buffalo, te deklare,** "International Institute of Buffalo kontan pou li kontinye kòm yon patnè ONA Job Coach ak pwogram Pakou Pwofesyonèl la. Pwogram sa a te gen anpil siksè nan Rejyon Lwès New York la. Depi 2021, yo deja aksepte 45 patisipan nan pwogram nan e 13 te jwenn travay nan domèn travay orijinal yo, tankou nan domèn medikal, IT, finans, ak travay sosyal. Nou apresye patenarya nou an ak Biwo pou Nouvo Ameriken yo epi nou kontan anpil pou kontinye kwasans pwogram vital sa a."

**Juan Beltran Carranza, Patisipan nan Pwogram Pakou Pwofesyonèl Eta New York la, te deklare,** "Upwardly Global se te pi bon alye mwen lè mwen te jwenn premye travay mwen an nan Etazini; Mwen santi mwen trè rekonesan anvè tout moun nan konpayi sa a men sitou anvè antrenè travay mwen an, ki te gide m sou pakou a epi ki te konnen ki jan yo rezoud tout dout mwen yo. Mwen vrèman rekonesan, e mwen konnen mwen pral toujou rekòmande Upwardly Global bay tout zanmi imigran mwen yo paske pakou sa a pa tèlman fasil pou nou. Gras a ou, nou ka akonpli rèv ak objektif nou yo."

**Murad Awawdeh, Direktè Egzekitif Kowalisyon Imigrasyon New York (New York Immigration Coalition), te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt kontribisyon enpòtan imigran yo nan fasone Eta New York atravè listwa. Lè li envesti nan kominote nouvo vini nou an, li ap asire plis Nouyòkè gen konpetans ki nesesè pou antre nan mendèv la epi devlope ekonomi nou an kounye a ak alavni. Jwenn bon travay se yon pati esansyèl nan bati yon bon kalite lavi, estabilize fanmi yo ak kominote yo, pandan y ap asire sante biznis New York yo ak ekonomi nou an."

Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la, ki te fonde an 2012, se premye biwo legal nan peyi a pou sèvis imigran yo. ONA ede tout nouvo Ameriken ki gen aksè epi k ap navige nan plizyè sèvis gratis epi sipòte yo atravè rezo founisè kominotè li a nan tout eta a.

Pou tout imigran ki nan bezwen asistans, oswa pou konekte ak pwogram ONA yo, rele Liy Ijans Nouvo Ameriken an nan 1-800-566-7636 9:00am jiska 8:00pm, lendi rive vandredi. Tout apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://dos.ny.gov/office-new-americans> oswa swiv ONA sou Twitter nan @NYSNewAmericans oswa Facebook nan <https://www.facebook.com/NYSNewAmericans>.

###